

## Plan Rechèch Travay pou Asirans Chomaj

Non: \_\_\_\_\_ OSOS # ID: \_\_\_\_\_

1. Mwen konprann mwen dwe:

- pare, dispoze, epi kapab travay epi kontinye chèche travay pandan chak semèn m ap mande benefis yo.
- angaje m nan "efò pou jwenn travay ki pratik e k ap bay rezilta", sa ki vle di mwen dwe suiv Plan Rechèch Travay sa a e mwen konprann kalite travay mwen dwe chèche ak aksepte;
- kenbe yon dosye detaye sou rechèch travay mwen fè chak semèn yo lè mwen itilize Work Search Record ki nan JobZone nan, fòmilè dosye Rechèch Travay Depatman Travay Eta New York la, WS 5, oswa yon dosye rechèch travay ki menm jan mwen kreye ki genyen ladan l enfòmasyon obligatwa yo, epi;
- kenbe dosye rechèch travay mwen an pou yon ane epi mete yo disponib pou Depatman Travay la si yo ta mande li.

2. Mwen pral chèche epi aksepte travay mwen ka fè pou fòmasyon ak/oswa eksperyans.

M ap fè omwen: \_\_\_\_\_ aktivite rechèch travay pa semèn.

3. Mwen konprann mwen pa dwe refize aksepte travay ki peye omwen salè ki "retire" Asirans Chomaj la pou yon travay menm jan, menm si li peye pi piti pase sa m te konn touche nan dènye travay m te ye a oswa pi piti pase sa m ta renmen touche a. Mwen ka jwenn enfòmasyon sou salè yo sou sit entènèt Depatman Travay la <https://statistics.labor.ny.gov/uiwages.shtm>.

4. Mwen konprann aprè m fin fè demann benefis pandan 10 semèn konplè mwen dwe pwolonje rechèch travay mwen. Mwen dwe dispoze aksepte nenpòt kalite travay mwen ka fè, menm si m pa gen fòmasyon oswa eksperyans pou kalite travay sa a. M ap aksepte travay sa a depi l peye salè ki "retire" Asirans Chomaj la pou travay sa a **ak** omwen 80% salè m pou trimès la ki siperyè ak peryòd de baz la.

5. Mwen disponib pou m kòmanse travay imedyatman.

6. Mwen dakò pou m chèche travay **aplentan**.

**Nòt:** Si w pa gen yon dosye ki gen omwen **sis mwa** kote w t ap travay a tan pasyèl pandan 18 mwa ki sot pase yo, yo ka refize ba w benefis yo si w pa chèche oswa aksepte travay aplentan. Si w p ap chèche travay aplentan, esplike rezon an la a: \_\_\_\_\_

7. Mwen aksepte vwayaje pandan inèdtan nan transpò prive oswa inèdtan edmi nan transpò piblik.

8. Mwen gen mwayen transpò pou m chèche epi al travay. Transpò mwen an gen ladan l:

Machin Prive     Transpò Piblik     Lòt. Si se yon lòt, tanpri dekre l: \_\_\_\_\_

9. M ap suiv estrateji ak apwòch rechèch travay mwen an jan sa mansyone a. Li te devlope selon konpetans, eksperyans, fòmasyon, ak sikonstans pèsònèl mwen. Li konsidere tou nenpòt restriksyon travay oswa difikilte rechèch travay mwen genyen.

Lòt Remak: \_\_\_\_\_

10. Mwen dakò pou m fè aktivite rechèch travay ki vin annapre yo epi itilize zouti rechèch travay ki vin annapre yo. Mwen konprann mwen dwe fè epi anrejistre aktivite rechèch travay mwen fè yo chak semèn mwen sètifye pou benefis yo. (Kwoche tout sa ki aplikab yo)

- 1)  Itilize resous anplwa ki disponib nan yon Sant Karyè pwofesyonèl lokal oswa atravè yon platfòm sant karyè vityèl Ministè Travay bay, tankou:
  - Rankontre avèk konseye Sant Karyè yo;
  - Resevwa enfòmasyon sou mache travay la nan men anplwaye Sant Karyè yo konsènan travay nan yon endistri byen presi oswa nan yon zòn;
  - Patisipe nan evalyasyon konpetans pou travay ki koresponn;
  - Patisipe nan atelye ansèyman; ak
  - Jwenn epi fè suivi ak moun k ap bay travay konsènan referans travay yo ak travay ki koresponn nan Sant Karyè a.
- 2)  Voye yon aplikasyon pou travay ak/oswa cv bay yon anplwayè oswa ansyen anplwayè ki ka ap chèche moun.
- 3)  Ale nan seminè sou rechèch travay, reyinyon rezo karyè planifye, fwa travay oswa atelye ki ofri enstriksyon pou amelyore kapasite w pou w jwenn travay.
- 4)  Entèvyou ak anplwayè potansyèl.
- 5)  Enskri, aplike, oswa pase egzamen ki gen rapò avèk travay oswa ki gen rapò ak pwosesis pou yo anboche nan leta oswa prive, sa gen ladan egzamen sèvis sivil
- 6)  Enskri epi verifye ak ajans travay prive, sèvis plasman, sendika ak biwo plasman nan lekòl, fakilte oswa inivèsite, ak/oswa òganizasyon pwofesyonèl
- 7)  Itilize telefòn, lis kontak biznis, entènèt, rezo sosyal, oswa sou sistèm rechèch travay sou entènèt pou fè rechèch travay, jwenn enstriksyon, mande referans oswa pran randevou pou entèvyou travay.
- 8)  Nenpòt lòt aktivite rezonab ki ka ede w jwenn travay.  
 Lòt/Nòt: \_\_\_\_\_

### Sètifikasyon

Mwen dakò pou m:

- ✓ Kontinye chèche travay epi kenbe yon dosye sou efò m te fè pou m chèche travay yo chak semèn jan sa mansyone piwo a;
- ✓ Revize plan rechèch travay mwen an chak semèn anvan mwen aplike pou benefis pou semèn sa a epi fè Sant Karyè nan zòn mwen ye a konnen imedyatman nenpòt chanjman sou kondisyon ki pi wo yo.

Mwen rekonèt tou:

- ✓ Mwen revize epi mwen konprann fòmilè Plan Rechèch Travay la ak Dosye Rechèch Travay la.
- ✓ Mwen konprann mwen dwe ale nan tou randevou, atelye, kou, ak sesyon kote y ap anboche moun yo.
- ✓ M ap fè rapò sou tout randevou Sant Karyè a planifye e si m pa fè sa, yo ka kenbe benefis Asirans Chomaj mwen yo.
- ✓ M ap voye Dosye Rechèch Travay mwen an pou yo ka verifye l nenpòt lè yo ta mande m li e si m pa fè sa, yo ka kenbe benefis Asirans Chomaj mwen yo.
- ✓ Mwen konprann Depatman Travay ka verifye kontak mwen bay nan dosye rechèch travay mwen an.
- ✓ Nenpòt deklarasyon ki fo mwen fè nan Dosye Rechèch Travay mwen an se yon fwod. Si m fè espere mwen bay manti pou m ka jwenn benefis Asirans Chomaj yo, yo ka kenbe benefis sa yo, e yo ka banm pinisyon. Pinisyon sa yo ka gen ladan pousuit.

Mwen sètifye mwen revize enfòmasyon ki nan Plan Rechèch Travay sa a. **Mwen konprann si mwen pa respekte dispozisyon ki nan Plan sa a, mwen ka pa kalifye pou resevwa benefis Asirans Chomaj yo.**

Siyati Kliyan: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Mwen te rankontre kliyan pou m devlope epi revize plan sa a.

Konseye gwoup anplwaye yo: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Kote Sant Karyè a ye: \_\_\_\_\_